



DIS MEYÈ KONSÈY SOU: MEDYA SOSYAL

FASON POU PWOTEJE REPITASYON OU SOU ENTÈNÈT



ANPRENT DIJITAL

Entèraksyon ou sou Entènèt kite yon tras pèmanan. Kèlkeswa sa ou poste sou Entènèt ou pa ka retire l, menmsi ou efase li. Kolèj ak moun k ap fè rekritman, moun ki kapab ba ou travay, ak paran ou ka tcheke prezans ou sou medya sosyal.



DYALÒG ENTÈLIJAN

Montre ladrès ou kòm yon lidè e amelyore kredibilite ou sou Entènèt nan angaje w nan konvèsasyon ki fè sans. Si yon kesyon oubyen yon enkyetid mande pou w bay opinyon ou, li nòmal pou w ekspriye w nan yon fason ki sosyalman responsab.



KONTNI KI KONVNAV

Montre ou natirèl e enteresan. Poste kontni ki fè diferans e enteresan, ki ap valorize prezans ou sou medya sosyal.



REZO POZITIF

Sèvi ak medya sosyal pou rete konekte avèk zanmi, fanmi, ansyen kondisip ak lòt moun ki pataje menm enterè avèk ou.



KONTNI KI APWOPRIYE

Itilize bon sans ou. Si kontni w ap poste a denigran, twò seksyèl, ilegal, vilgè, konfidansyèl oubyen ou kopye l sou lòt moun, li pa apwopriye pou medya sosyal.



KONSANTRE SOU LADRÈS OU

Demontre ladrès ak enterè san parèy ou genyen nan pataje tout bon bagay sou ou, tankou klip oubyen pwojè sèvis kominotè ou patisipe ladan yo.



PWOTEJE IMAJ OU

Jere idantite dijital ou. Aktivite w sou Entènèt dwe reprezante pèsonalite w ak fason ou vle moun konsidere ou. Pa poste materyèl ki ka detwi repitasyon ou.



PRAN KONSYANS DE IMAJ OU

Pa poste foto oubyen videyo ou pa ta vle granmè w wè. Asire w ou konnen tout foto ak videyo ki idantifye w e asire w yo pase menm tè la.



REFLECHI AVAN W POSTE

Pa poste anyen sou Entènèt ou pa ta di yon moun an pèsòn oubyen nan yon andwa piblik.



MO KA BLESE

REFIZE fè nuizans sou Entènèt! Si ou menm oubyen yon moun ou konnen ap sibi nuizans, rapòte enfòmasyon sa a nan Liy Telefòn Anonim sou Nuizans/Arasman an nan 305-995- CARE.